

TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING-4 PRAPASKA - GKJ AMBARRUKMA

19 MARET 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ungu, Stola : Logo Ichtus/Ikan)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, satunggal lilin pethak lan 3 (tiga) lilin ungu diurupake.

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus;

Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Sangalas Maret, Kalih Ewu Tiga Likur** (19 Maret 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Sumangga kanthi manah ingkang sukarena kita sami ngaturaken *salam namaste* tumrap pasamuwan ingkang lenggah ing sakiwa tengen, ngajeng wingking kita. (*dipun parigi wekdal sawetawis*)..

Bapak Ibu lan para Sedhèrèk, ing wekdal menika kita lumebet ing **Minggu Kaping Sekawan Pra-Paskah** - ingkang dipun pratandani urupipun lilin pethak, pralambang rawuhipun Sang Kristus, saha **tiga (3) lilin ungu**, pralambang kita ngènget lan nyuraosi mangsa sangsaranipun Sang Kristus.

Ing pungkasaning pangibadah mangké, kita badhé mejahi **setunggal lilin ungu**, pratanda bilih kita sampun nglampahi saha nyuraosi **Minggu Kaping Sekawan Pra-Paskah** menika.

Kasuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu punika, ingkang badhe kula aturaken saperangan: (**maosaken pawartos**).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan kinasih, ing pangibadah menika, kanthong pisungsung sampun dipun aturaken ing ngarsanipun bpk ibu malih, lan pasamuwan ingkang ngersakaken ngagem aplikasi *m-banking*, pisungsung saged dipun aturaken kanthi *scan* kode QRIS ingkang katèmpèl wonten ing papan palenggahan Bapak Ibu sadaya, wondéné pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken wonten ing kothak ingkang sampun dipun cawisaken wonten ngajeng dalem pamujan.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Ngadhepi Gesang Anyar**” sakmangké badhé kaladosaken dening Ibu Pandhita Nani Minarni.

Sesarengan sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Kalih Welas, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 12 : 1, 2)**
"Yesus Sang Pangèn Sejati"*pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | |
|--|--|
| (1) Gusti Yésus Pangèn kula,
kula ménda kagungannya
dènnya nebus klayan rahnya
mrih kula gesang slaminya. | (2) Sang Kristus Pangèn utama
kang sampun ngetohken nyawa,
nebus kula saking dosa
wah nuntun kula mring swarga. |
|--|--|

(*Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.*)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
Pandhita : Sih rahmad lan tremet rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Efesus 5 : 8 – 11

- Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”** *(Pasamuwan Lenggah)*
Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, saha para Sadhèrèk kagunganipun Gusti Yesus, kita sampun dados pepadhang wonten ing Gusti. Pramila tindak tanduk kita kados dene putra-putraning pepadhang. Awit wohing pepadhang menika, njalari kita sami nindakaken sarupining kasaenan, keadilan, lan kayekten ingkang dados kepareanganipun Gusti. Sesarengan kita sami nampi kabingahan awit sampun dados putra-putraning pepadhang matemah kita saged tansah nindakaken kayektèn ing gesang menika. Kita sami badhé memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Kristen Kalih Atus Sèket Sekawan, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 254 : 1, 2), “Yesus Yekti Pamarta”**

- (1) Yesus Sang Pamarta yekti wus ngawonken pati
sanadyan sinalib séda nanging wungu mulya
pindha wiji kang katanem lir sirna krana kapendhem
nulya tuwuhan ngrembaka sarta angrebda wohira
Gusti wungu unggul sing antaka.

- (2) Yesus yeku yekti Gusti ingkang mengku gesang,
pra pracaya nggih pra suci tan ajrih sumelang,
yèn sisah tan nganti semplah krana Gusti nunggil tansah,
yèn katempuh kasangsaran Gusti paring pangluwaran,
wusananya sampurna ing swarga.

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Rum 3 : 23 - 24

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ing patunggilanipun Gusti, kita menika tiyang ingkang tansah damel dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah. Ananging, kita sampun sami dipun leresaken awit sih rahmatipun Sang Kristus Yesus. Panjenenganipun dados srananing karukunan saha keadilan awit pitados dhateng rahipun. Pramila kita cawisaken manah, sowan marek wonten Ngarsanipun Gusti, nglenggana awit sedaya dosa-dosa kita. Kita purwakani pandonga pamratobat kita, kanthi pepujen...**Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Dasa Enem, Pada Setunggal Dumugi Tiga (KPJ 46 : 1 – 3), “Awit Kathah Dosa Kula”**

- | | |
|---|--|
| <p>(1) Awit kathah dosa kula,
 mila tansah kemengan
 Gusti 'kang madhangi manah
 myang tuking kabingahan.</p> | <p>(2) Mugi karsa angaksama
 ing k'lepatan kawula.
 Tyas kula mugi dadosa
 padaleman Paduka.</p> |
| <p>(3) Gusti kang kula 'ndelaken,
 mugi nuntun mring kula.
 Kula badhé ngèstokaken
 ing sakarsa Paduka.</p> | |

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat. Kita ndedonga: “Pinuji-puja asma Paduka Gusti, ingkang kawula puji lan kawula sembah ing Sang Kristus. Kawula sujud wonten Ngarsa Paduka kanthi raos keduwung awit kawula kathah dosa, mila tansah kemengan. Gusti ingkang paring pepadhang ing manah kawula myang tuking kabingahan lan kamulyan Paduka. Paduka Gusti ingkang paring pangaksama ing kalepatan kawula. Awit sih katresnan Paduka kemawon Gusti, Paduka ingkang kula ndelaken. Paduka paringaken kekiyatana tumrap kawula supados saged nglajengaken gesang kanthi ngèstokaken karsa Paduka saha nindakaken pakarti tumuju gesang anyar ingkang langkung saé.

Gusti, pandonga pamratobat kawula punika kawula aturaken wonten ing asmanipun Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula ingkang sejatos. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Efesus 1 : 7

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Yesaya 1 : 16 – 18

10. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita sampun tinebus ing Sang Kristus. Sanadyan dosa kita abrit kadosdéné gluga, badhé dados pethak kadosdéné salju; sanadyan abrit kados nyamping sumba, badhé dados pethak kadosdéné wulu ménda. Sumangga kita sami gumrégah nata gesang kita, tumuli wangslu dhateng Sang Kristus, lan tansah ngugemi dhawuhipun kanthi kesanggeman kita lumantar pepujèn saking **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Wolu Likur Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 428 : 1, 2)** “**Bingaha, Sisaha, Gusti Kula Puji**” *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- | | |
|--|--|
| (1) Bingaha, Sisaha, Gusti kula puji,
'kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya
Pasraha! Pasraha!
ing sapangrèh
'Kang Ma kwasa. | (2) Sapinten awrating momotan kula
godha-rencana myang sisah,
yèn kawula énggal mulat Sang Putra,
manah kula ènthèng lan bingah.
Pasraha! Pasraha!
ing sapangrèh
'Kang Ma kwasa. |
|--|--|

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti *(Pasamuwan Lenggah)*

- a) Pandhita : **Pandonga Epiklese**
- b) Pandhita : maosaken **Yokanan 9 : 1 - 7; 35 - 41**
- c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Hosiana.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hosi- ana **Hosi** - ana **Hosi** - a - na

- d) Irah-irahan: “**Ngadhepi Gesang Anyar**”

- e) Ancas : **Pasamuwan nyuraosi dosanipun, satemah tumuli wangslu dhumateng Gusti lan nindakaken pakarti ingkang mituhu dhawuhi-Pun, tumuju gesang anyar ingkang langkung sae.**

12. Pisungsung

Imam : “Kita kadhwuhan tansah tresna dhumateng sesami kita. Pramila minangka panuwun sokur awit katresnanipun Gusti ingkang tansah lumintu dhumateng kita, sumangga kita migatosaken sesami, kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirungan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, dene ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Serat Rum, Bab Kalih Welas, Ayat Setunggal Lan Kalih, (Rum 12 : 1-2) dados tetales pisungsung wonten ing wekdal menika, ingkang mekaten suraosipun: “**Kang iku para sadulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati. Lan kowé aja madha rupa kaya jagad iki, nanging padha salina marga saka budimu kaanyaraké, satemah kowé bisa nitèni apa kang dadi karsané Gusti Allah, apa kang becik, kang ndadèkaké keparengé Gusti Allah, lan kang sampurna.**”

Kita aturaken pisungsung sesarengan wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Pitu Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 187 : 1, 2), “Pisungsung Jiwa Raga”**

- | | |
|---|---|
| (1) Jiwa raga kawula
konjuk mring Sang Pamarta
mugi dados lantaran
kamulyaning Pangeran
kamulyaning Pangeran | (2) Tangan suku kawula
nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki
nampeni sihing Gusti,
nampeni sihing Gusti. |
|---|---|

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ting, Gusti kawula.
- c) Ingkang kabobotakan dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, oglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapuntening dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**
16. **Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Ibu Pendeta Nani Minarni lan sadaya paraga, ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah saé punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi ngakeni lan nglengganani dosa kita, satemah tumuli wangslu dhumateng Gusti lan nindakaken pakarti tansah mundhi dhawuhi-Pun, tumuju gesang anyar ingkang langkung sae. Sinaoso Covid sampun lerem, ananging sumangga kita tetep tansah jagi kesarasan kita piyambak-piyambak.

Purnaning pangibadah kita sesarengan repenaken **Kidung Pasamuan Jawi Sekawan Atus Enem Likur Pada Satunggal Lan Tiga (KPJ 426 : 1, 3)**, “**Apa Sira Ngupaya Inten”**

- (1) Apa sira ngupaya inten kanggo makutha?
Ing papan asor nistha, ana inten kang ngantya.

Refr:
Inten-inten miwah retna, pra manungsa binanda;
yogya linari, ginawa kagem makutha Raja.

- (3) Aturna Sang Penebus, inten ingkang pengaji
sarana rahé Gusti, Kang wus sanyata suci.....Refr:

Sakderengipun Imam nampi Kitab Suci saking Pengkotbah, Imam mejahi satunggal lilin Prapaska (ungu) ingkap murup paling ngandhap, dados taksih wonten 2 (kalih) lilin ungu murup lan satunggal lilin pethak murup.

17. **Liturgos :** “Pangibadah sampun paripurna, sugeng énjang, ndhèrèkaken sugeng kondur, Gusti mberkahi kita sedaya. Amin.”